Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 25 (25998)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 13 феврал — æртхъирæны мæйы 13 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД
Инвестицитæн — уæрæх фæндаг

3 ЮБИЛЕЙ
Ныфсы мæсыг æмæ æууæнчы гæнах

4 АЛАГИРЫ РАЙОНÆЙ
Скъоладзауты æдасдзинадæн

Нысантæ

Фæндæгтæ, ахуырад, æнæниздзинад...

Куыд рабæрæг, афтæмæй Цæгат Ирыстонæн национ проектты нысантæ царды рауадзынæн радих кæндзысты 7,9 миллиард сомы. Уыдонæй 6,6 миллиарды сты федералон бюджетæй.

Сæ фылдæр хай лæвæрд æрцæудзæн "Æдас хæрзхъæд фæндæгтæ"-йы нысантæн. Бахъæудзæн сын 3,5 миллиард сомы, сæ фæрцы регионалон æмæ муниципалитетты 'хсæн фæндæгтæ сæ бакаст аивдзысты.

Дæллаг Зæрæмæгæй Мамысонмæ сараздзысты фæндаг, йæ дæргъ уыдзæн 14 километры. Уымæй уæлдай, "Суадаг-Ногхъæу", "Алагир-Црау-Урсдон", "Ногиры хъæуы иуварс", "Æрыдон-Красногор-"Транскам", "Транскам"-Уæллаг Зджыд-Мæцутæ"-йы бавналдзысты аразгæ скондты рацаræзтмæ, Беслæны рацараздзысты фæндæгты хыз 17,8 километры, "Цыкола-Мæцутæ-Комы-Арт"-ы тъунелы фæндагмæ дæр базилдзысты.

Дзæуджыхъæуы сæм æнхъæлмæ кæсынц регионалон ахадындзинадимæ фæндæгты 40 километры, уынгты хыз. Национ проект "Демографи"-йыл хардзгонд æрцæудзæн 1,2 миллирад сомы. Цæгатирыстойнаг 1,8 мин бинонтæ, æртыккаг сывæллоны фæзынды тыххæй райсдзысты æрвылмæйон фиддонтæ. Дзæуджыхъæуы райдайдзысты аразын ацæргæ адæмæн хæдзарскъолайы фæзындзысты спортæй архайыны фадæттæ, 32 скъолайы уавæртæ скæндзысты нымæцон ахуырадæн. Æнкаг дохтыр" æмæ "Хъæуккаг фелсыр"-ы программæты архайджытæм се 'хца фæхæццæ уыдзысты.

интернат 200 бынатимæ. Фæллой æмæ социалон рæзты министрады архайдзысты ацæргæ, æххуысхъуаг адæмы раиртасынныл.

Национ проект "Ахуырад"-мæ гæсгæ райсдзысты 1,1 миллиард сомы, Дзæуджыхъæуы кæронмæ сараздзысты æртæ скъолайы. Ахуырдзаутæн дзы фæзындзæн 2,2 мин бынаты. Дыууæ скъолайы бындурыл фæзындзысты сывæллæтты технопарк "Кванториум"-тæ, байгом кæндзысты "Рæзты тæлмытæ"-йы 13 центры. 7 дæр ахадгæ хъуыддæгтæ дæр арæзт æрцæудзысты.

"Æнæниздзинад"-ы национ проектмæ гæсгæ 2024 азы райсдзысты 620,3 милуан сомы. Уыдоны руаджы дарддæр æххæст кæндзысты "Фыццаградон медико-санитарон æххуыс бакæныны рæзт"-ы, "Зæрдæйы-дадзинты низтимæ -тох"-ы, "Сывæллæтты æнæниздзинады рæзт"-ы регионалон проекттæ. Ацы аз бафысдзысты бадзырдтæ 24 дохтыримæ æмæ 2 медицинон кусæгимæ, "Хъæуккаг фелсыр"-ы программæты архайджытæм се 'хца фæхæццæ уыдзысты.

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады размæ лæууынц бирæ бакæнинаг нысантæ, æмхуызонæй дæр сыл куыст райдайдзæн. Афтæ уыдзæн "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг алфамбылай"-ы программæимæ дæр. Доны хызтæ, æндæр социалон объекттыл дæр куыст цæудзæн.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

БУТАТЫ Эльзæ

Социалон фондæй

Пособи исдзысты

Ацы азы 1 январæй фæстæмæ архайын чи райдыдта, закъонæвæрынадмæ хаст уыцы ивддзинæдтæ куыд амонынц, афтæмæй, сывæллоныл цалынмæ афæдз æмæ 'рдæг нæ сæххæст уа, декретон отпускæй æмгъуыдæй раздæр рацæуыны рæстæг уæдмæ йæм зилыны фæдыл пособи исыны барæй ныййарджытæ цухгонд не 'рцæудзысты.

Ног фæтк архайы æнæххæст кусгæ бон, стæй хæдзары æмæ дæрддзæгмæ куыстмæ рацæуыны рæстæг дæр. Уымæй уæлдай, сывæллонмæ зилыны рæстæг æндæр куыстдæттæгмæ чи фæллой кодта, пособи уыцы адæмæн дæр бахъахъхъæндзысты.

Сывæллонмæ зилыны рæстæг гæххæттытæ саразыны бар ис канд мадмæ нæ, фæлæ фыдмæ, стæй сабимæ æцæг уагæй зилæг æндæр хиуæттæ æмæ æвджидгæнджытæм дæр. Пособийæн гæххæттытæ саразынæн адæймаджы хæс у хи куыстдæттæгмæ сывæллонмæ зилыны тыххæй куырдиат барвитын. Куыстдæттæгæй амынд хайадмæ бæрæггæнæнтæ куы æрбафтынц, уæд 10 кусгæ боны æмгъуыдмæ пособи бафидынц. Фæстæдæр раздæры мæйы тыххæй пособи фидынц æрвылмæй алы мæйы æстæм боны онг.

Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ

Аппаратон æмбырд

Санитарон уавæр æмæ зæххы фарста

РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд нæ республикæйы Хицауады уæнгтæ, ведомствæтæ æмæ муниципалитетты разамонджыты æрвылкъуырион аппаратон æмбырд.

Цæгат Ирыстоны оперативон уавæрыл дзургæйæ, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** фæнысан кодта, ивгъуыд къуыри нæ республикæйы фæзуатыл 13 зынгсирвæзты кæй æрцыд, уый. Томайы-фырт куыд загъта, афтæмæй æнæнхъæлæджы фæхъарм кодта, æмæ, уый аххосæй республикæйы районты хус кæрдæг ссыгъд. Уымæй уæлдай, фæндагон фыдбылызтæ æрцыд 10, хъыгдард дзы баййæфтой 14 адæймаджы. Уæрæсе æмæ Гуырдзыстоны арæныл рады лæууынц уæзласæн машинæты 914 иуæджы, паддзахадон арæныл та ахызт 13,120 машинæйы. Къуырийы дæргъы нæ республикæйы фыдракæндтæ æрцыд 205 цауы, уыдонæй 130 раргом кодтой.

Сергей Меняйло Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады цæгатирыстойнаг хайады управленийæн бафæдзæхста Мидхъуыддæгты министрадимæ иумæ ацы фарстайыл бæлвырд бакусын

— Фæхъарм кодта æмæ адæм сæ цæхæрадæтты æмæ быдырты хус кæрдæг судзынц. Хус кæрдæджы зынгсирвæзтытæ та цы фæстиуджытæ расайдзысты, уыдон уын амонын нæ хъæуы. Бæлвырд æмæ биноныг æмархайды фæрцы бахизæн ис фыдбылызæй, — загъта нæ республикæйы Сæргъæлæууæг.

Аппаратон æмбырды сæйраг ныхас цыдис нæ республикæйы æмæ уæзласæн машинæты санитарон уавæрыл. Регионы разамонæг йæ фиппаинæгтæ загъта, абон бирæ районтæ быроны бын кæй фесты, уый фæдыл.

— Дыууæ фæлладуадзæн боны Æрæфы районы мæхи цæстæй федтон, бирæ уæзласæн машинæты нымæц федералон фæндагыл. Фæндаджы кæрæттæм шофыртæ сæ бырон калынц æмæ фæндæгтæй бырондон рауад. Уыцы бырæтты обæуттæ кæдæй лæууынц, уæдæй абонмæ сæм йæ хъус ничима æрдардта. Мызур дæр бырæтты бын фæци. Ацы фарста дæр æнæххæстгондæй лæууы. Æвæццæгæн нæ бахъæудзæн куысты æндæр уагæвæрд саразын, цæмæй алы ахсджиаг фарстамæ дæр æвæстиатæй уе 'ргом здахат, — загъта Сергей Меняйло.

Мызуры санитарон уавæры тыххæй Алагиры муниципалон сконды разамонæг **Дзантиаты Ислам** куыд радзырдта, афтæмæй къуырцдзæвæнтæ сырæзт регоператор "Эра" æмæ "ТСЖ" кæй хонынц, уыцы куыстуæтты æхсæн.

— Баныхас кодтам, 8 быронкалæн контейнеры нын ацы бонты кæй сæвæрдзысты, æмæ цы быроны обæуттæ сæвзæрд, уыдон аиуварс кæныныл, — загъта районы разамонæг.

(Кæрон 2 фарсыл)

Аудынад

Бинонты стипенди

Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ректор ОГЪУАТЫ Алан куыд фехъусын кодта, афтæмæй ахуыргæнæндоны фыццаг хатт сфидар кодтой бинонты стипендитæ.

Официалон уагæй кæй къайад регистрацигонд у, бонæй чи ахуыр кæны, стæй сывæллон кæмæн ис, ахæм студенттæн фиддзысты амынд стипенди. Алы ныййарæг дæр исдзæн фæйнæ 10 мин сомы, алы сывæллоны тыххæй дæр фиддзысты ноджыдæр ма 5 мин сомы.

— Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** бардзырдмæ гæсгæ, ацы аз нымад у Бинонты азыл. Канд ахуырад æмæ сфæлдыстады æнтыстдзинæдтæ равдисын нæ, фæлæ бинонты хъуыддаг дæр чи бакодта, ахæм студенттæ нæм ис. Æнæниз, рæсугъд бинонтæ æппæт паддзахады фæрныгады бындурыл нымад кæй сты, уымæ гæсгæ мæ ацы студенттæн баххуыс кæнын фæнды, — загъта Огъуайы-фырт

Бинонты стипенди ахуыргæнæндоны сæвæрдтой аст бинонтæн.

("ОсНова.News")

Конференци

Æрыгон фæлтæрæн — æхсызгон мадзал

Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институт Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университетимæ æмархайдæй æртхъирæны мæйы 9-10 бонты сарæзтой æрыгон ахуыргæндты дунеон скъола-конференци "Кавказ йæ ивгъуыд æмæ ныры рæстæджы: истори, археологи æмæ культурæ". Ацы мадзал сбастой Уæрæсейы наукæты академийыл 300 азы кæй сæххæст, уыимæ.

Конференцийы фыццаг бон уыд университеты, дыккаг бон та — институты.

Райдайæны фæсивæдæн лекци историон темæйыл бакаст профессор, Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор **Хъаныхъуаты Зæлинæ**.

Скъола-конференцийы программæмæ хаст æрцыдысты ацы институты раззагдæр ахуыргæндты лекцитæ æмæ мастеркъластæ, æрыгон ахуыргæндты докладтæн дæтдзысты экспертон бæрæггæнæнтæ. Архайдтой дзы суинаг ахуыргæндтæ, аспиранттæ æмæ студенттæ. Уыдон сæ кæрæдзийы æххæст кодтой алыхуызон темæты зонындзинæдтæй, алкæцы дæр дзы уыд цымыдисаг. Студенттæн ахсджиаг хъуыддаг у. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый у хорз гæнæн фæсивæдæн конференциты архайынæн, зонадон æрмæджытæ фыссын сæ кæй ахуыр кæнынц, æмæ сын сæ размæ хæссынц, сæ бон цы темæты бацархайын у, уый, — загъта Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты историон факультеты декан **Плиты Зæлинæ**.

Сæйрагдæр æргом аздæхтой, Цæгат Кавказы зæххытыл этногенетикон æмæ этнокультурон процесстæ рагон æмæ астæуккаг æнусты, археологон, историон-культурон æмæ документалон бынты хъахъхъæд æмæ ахуыр; Кавказы зындгонд иртасджыты наукон куыстытæ æмæ сæ æвæрæн Кавказы фарстаты фæдыл историон-этнографион фарстытæм; этникон культурæ æхсæнадон ивддзинæдты уавæрты æмæ æддагон æндæвдад; ныры политикон, æхсæнадон æмæ культурон процесстæ цæгатирыстойнаг регионы.

Архайдтой дзы Цæгат Ирыстоны, Цæцæны, Дагестаны æмæ Кæсæг-Балхъары республикæты университетты студенттæ.

Хатдзæгтæ скодтой конференцийы дыккаг бон. Экспертæм гæсгæ, хуыздæр куыстытæ мыхуыргонд æрцæудзысты наукон журнал "Известия СОИГСИ. Школа молодых ученых"-ы 34-æм номыры.

Мæнмæ гæсгæ, ахæм ахсджиаг мадзæлттæ пайдайаг сты нæ фæсивæдæн, сæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ, уæлдæр æмвæзадмæ тырнынæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, уæд нæ фидæн дæр уыдзæн фæзминаг æмæ рухс.

ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ

Хъæууон хæдзарады бон

Аграриты æнтыстытæ

Мæскуыйы, форум-равдыст "Уæрæсе"-йы скодтой Хъæууон хæдзарады бон. Бантыст Национ æнтыстыты форумы фæлгæты.

Цæгат Ирыстоны делегацийæн разамынд дæтты республикон ведомствæйы разамонæг **Къусраты Алан**. "Уæрæсе"-йы равдыстмæ йемæ ацыдысты министрады специалисттæ æмæ регионы фермертæ.

Сæ цуры раныхас кодта Уæрæсейы хъæууонхæдзарады министр **Дмитрий Патрушев**. Уый фæстæ хæрзиуджытæ радта агропромышленнон комплексы хуыздæр кусджытæн. Министр ма фæбæрæг кодта комплексы егъаудæр ивддзинæдтæ дæр, рæгъмæ рахаста хæстæгдæр азтæм нысантæ.

Цæгат Ирыстоны стендыл фенæн уыд нæ аграриты уагъд продукци. Зæгъæм, компани "Фат-Агро" адæмы цурмæ рахаста мыггаджы картоф. "Казачий Хутор" та сæ базонгæ кодта дыргъдарыны æнтыстджын къахдзæфтимæ.

Нæ уацхæссæг

Дзырды фарн

Æрдзы рæсугъд хуын — уæлдæф.

ПЛИТЫ Харитон

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **13 февралы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **8-11 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **11-15 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 10,26

Хурыскаст — 07,02
Хурныгуылд — 17,28

Валютæйы аргъ

Доллар — 91,19 ↑
Евро — 98,19 ↑

12+

Æмбырд

Инвестицитæн — уæрæх фæндаг

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис сарæзта Инвестициты советы æмбырд. Архайдтой дзы министрадты æмæ ведомствæты хицæуттæ, республикæйы муниципалон сконды разамонджытæ, Цæгат Ирыстоны амалхъомады минæвæрттæ.

Æмбырды æрдзырдтой, хорз фидæн кæмæн ис, ахæм инвестицион проектты туризм æмæ агропромышленнон къабазы. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, советы уæнгтæ læмбынæг æркастысты Æрыдоны районы агротуристон хъæу саразыны тыххæй куырдиатмæ. Ам туристтæн скæндзысты чысыл хæдзæрттæ æмæ сæ зонгæ кæндзысты хъæууон хадзарады куыстытимæ. Проектмæ гæсгæ йæ фæзуаты уыдзæн нырыккон СПА-комплекс бассейнимæ, кæсаг кæм ауадздзысты, ахæм цад, чысыл фермæ, спортивон æмæ сывæллæтты хъазæн фæзтæ, хæдтулгæтæ æвæрæн æмæ тезгъогæнæн бынæттæ. Ацы проект ратдзæн 20 кусæн бынатæй фылдæр, бюджетмæ та йæ фиддонтæ уыдзысты 18 милуан сомы.

Инвестицион советы архайджытæ дарддæр æркастысты, Æрыдоны районы нырыккон домæнтæн дзуапдæттæг фыстæдарæн фермæ, Горæтгæрон районы — туристты къордты хæдтулгæтæн læууæн

бынат базарадон-музейон рæгъытæ æмæ глэмпингимæ, стæй бройлертæ кæм хæсдзысты æмæ карчы фыд фæлхасгæнджытæн кæм уадздзысты, ахæм куыстуат саразыны фарстатæм.

Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй инвестицитæ фылдæр æрбаздахын у республикæйы разамынды сæйрагдæр фарста. Премьер-министр уыцы куыст фæнывылдæр кæныны тыххæй æмбырды архайджыты размæ сæвæрдта бæлвырд хæстæ.

— РЦИ-Аланийы Сæргъæууæг Сергей Иваны фырт Меняйло Хицауады размæ цы хæстæ æвæры, уыдонæн сæ сæйрагдæр — æппæт хъарутæй дæр амалхъомадæн æхххуыс æмæ инвестицион программæтæн цард радтын. Абон регионы фæзуатмæ инвестицитæ æрбаздахынæн арæзт цæуынц хорз уавæртæ. Уый тыххæй нæм æппæт авналæнтæ дæр ис. Пайда кæнæм, куыд федералон, афтæ регионалон гæнæнтæй дæр. Рагагъоммæ бацæттæ кæнæм, нæ субъектæн пайда чи 'рхæсдзæн, уыцы проекттæн фæзуæттæ. Ног проектты руаджы арæзт цæуынц ног куысты бынæттæ, фылдæр кæнынц, республикæйы бюджетмæ чи цæуы, уыцы хъалонтæ. Уымæ гæсгæ нæ цæст дарæм инвестортæм æмæ дзы алкæмæн дæр хъæугæ æхххуыс дæттæм, — загъта Хицауады Сæрдар.

Дзанайты Барис бахахх кодта, амалхъомтæ дæр химæрайст хæстæ, бадзырдтæ куыд амонынц, афтæ кæй хъуамæ æхххæст кæной. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргъæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Уæлдæфон транспорт

Бæлццæтты нымæц фæфылдæр кæнынæн

Дунеон аэропорт "Дзæуджыхъæу"-ы разамонæг Сергей ЧАЛОВЫ ныхасмæ гæсгæ, фарон аэропорт балæггад кодта 916 мин бæлццонæн.

— Ивгъуыд азы хуызæн бирæ бæлццæттæн балæггад кодтам фыццаг хатт. Иуæндæс иудадзыгон маршрутмæ гæсгæ сæхххæст кодтам æртæ мин стæхæн-æрбадæн операцийæ фылдæр. Бирæ стæхæн-æрбадæн операцитæ кæй сæхххæст кодтам, уый нæ регионы райрæзтыл хорзырдæм бæрæг дары. Нæ республикæйы Сæргъæууæджы æхххуысы фæрцы нын бæлццæтты нымæц фæфылдæр кæнын бантыст. Ацы аз милуан бæлццонæн балæггад кæнынмæ хъавæм, — загъта Сергей Чалов.

Хицауы ныхасмæ гæсгæ, аэропорты разамынд архайы маршрутты нымæц бахъахъхъæныныл æмæ рейсты нымæц фæфылдæр кæныныл.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Барад

Æнæзакъон тамакотæ

Тæрхонадон æмбырды рæстæг Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы районы прокуратурæ Сомихы Республикæйæ нæм æрбацæуæг 28-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 171.1-æм статьяйы 6-æм хайы пункт "б"-йы ("Сæрмагонд акцизон нысантæ æвæрын кæуыл æмбæлы, æнæ нысантæй ахæм тамакотæ стыр бæрцæй ауæй сæ кæныннæн æнæзакъонæй балхæнын, æфснайдæй дарын æмæ ласын") амынд фыдракæнд саразынæй.

Куыд бавдыстæуыд, афтæмæй, закъон фехалынæй кæй аххосджын кæнынц, уыцы нæлгоймаг фарон октябры балхæдта, сæрмагонд нысантæ æвæрд кæуыл нæ уыд, тамакоты 62 мин ахæм къоппы фæстæдæр сæ ауæй кæнынæн æмæ сæ æфснайдæй йæ хæдзары цур дардта. Барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ фыдгæнæджы æнæзакъон архайдæн кæрон сæвæрдтой. Æнæзакъон зилдухæй тæлæтгонд æрцыд 9 милуан сомæй фылдæры аргъ тамакотæ.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон рахаста закъонхалæг адæймаджы 400 мин сомæй фæивар кæныны тæрхон. Уымæй уæлдай, тæрхондоны уынаффæ йæ закъонон тыхы куы бацæуа, уæд тæлæттгонд тамакотæ куынæггонд æрцæудзысты.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Ногдзинад

Хæрзад хойраг

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты хойраджы технологийы кафедрæйы ахуыргæнджытæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн бацæттæ кодтой хуссгонд хъæрмхуыппы буаргъæдтæ.

Ныртæккæ хойраджы технологийы кафедрæйы ахуыргæнджытæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты удæнцойдзинадæн цæттæ кæнынц хуссгонд хойраджы æндæр хуызтæ.

Ацы хойраг йæ пайдайаг миниуджытæ дæргъвæтин рæстæг кæй бахъахъхъæны æмæ йæ быдырон уавæрты æнцонæй бацæттæ кæнæн кæй ис, уый дзурæг у йæ хорздзинадыл.

— Ногтынд халсартæй фæстæмæ консерванттæ, химион бафтауинæгтæ æмæ бæзджынгæнджытæ кæм нæй, вакуумон дзæкъулты æфснайд ахæм хъæрмхуыппы буаргъæдтæ сты иттæг хæрзад. Вакуумон дзæкъулты руаджы хойраджы пайда бæлвырд фæфылдæр вæйы, — зæгъы амынд кафедрæйы доцент **Цæгæраты Еленæ.**

Æнцонæй — ома, тæвд доны, кæнæ æхсыры бафтыдæй — бацæттæ кæнæн кæй ис, хуссгонд дыргъ-тимæ уыцы хъæрмхуыппы буаргъæдты фыццаг хай ныридæгæн сæрмагонд æфсæддон операци æхххæст кæныны тæлммæ арвыстой.

Ничи ферох, ницы ферох

Ирон læг — рæстдзæвинты рæстдзæвиндæр

Сталинград бахъахъхъæныныл карз тохтæ куы ахицæн сты, уыл рацыд 80 азæй фылдæр. Уыцы тугкалæн хæсты лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад æвдисгæйæ, архайдтой сæдæгай, мингай ирыстойнæгтæ дæр. Хæстон æнтыстдзинæдтæ, сæрæндзинад æмæ лæгдзинад чи æвдыста, æмæ Советон Цæдисы Хъæбатыры номмæ кæй бавдыстой, уыдоны 'хсæн уыд не 'мзæххон рæстдзæвин Сæлбиты Гаврилы фырт Владимир дæр.

Владимир (Дато) райгуырд 1916 азы Тифлисы губернийы, Душеты зылды, бæрзонд хохаг хъæу Тоты. 1934 азы йæ ныйарджытæ Сæлбиты Гаврил æмæ Бабале Пицхелауриимæ бæрзонд, хохаг æвадат ранæй ралыгъдысты быдырмæ æмæ æрбынат кодтой уæды горæт Орджоникидзейы, ныры Дзæуджыхъæуы.

1937 азы Владимирмæ фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм æмæ дзы баслужбæ кодта æртæ азы. Сæхимæ æрæздæхтыл афæдз дæр нæма рацыд, афтæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст æмæ та йæм ногæй, 1941 азы сентябры, фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм. Владимир знаджы ныхмæ хæцыд Цæгат-Ныгуылæн, Сталинград æмæ Доны фронтты.

Сталинград хъахъхъæныны архайгæйæ, топпæй æхсынæй сæрæндзинад кæй æвдыста, уый тыххæй йæ баиу кодтой рæстдзæвинты къордимæ. Горæты мидæг карз тохты авиаци, артиллери æмæ æндæр техникæйæ пайда кæныннæн æдзух фадæттæ кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ стыр æргом здæхт цыд рæстдзæвинты архайдмæ. Сталинград хъахъхъæныны тохты кадджын уавæры læвæрдтой сæрмагонд рæстдзæвинон топпытæ, æмæ йæ Владимирæн радта Сталинграды фронты Æфсæддон Советы уæнг Никитæ Хрущев ахæм ныхæстимæ: "Мæ зæрдæ дарын, Сæлбийы-фырт, ды кæй фæфылдæр кæндзынæ уыриссаг винтовкæйы кад!"

Æмæ Сæлбиты Владимир, æцæгæйдæр, равдыста, советон рæстдзæвинтæ æппæты дæсныдæр кæй сты, уый.

Йæ хорзæхты гæхæттытæй:

"...Йæ хæстон рæстдзæвины куыст Сæлбийы-фырт райдыдта 1942 азы сентябры. Йæ ротæйы хайады архайгæйæ, уый æрвылбон дæр мардта 8-9 фашисты. Рæстдзæвин Максим Пассары фылдæр фашисттæ ныццæгъдыны тыххæй сидтæн Сæлбийы-фырт дзуапп радта хæстон сгуыхтдзинæдтæй...

Цы рæстдзæвинты взвод сарæзта, уый ныццагъта 848 фрицы.

1942 азы 22 сентябры онг Сæлбийы-фырт амардта 100 фашисты.

Йæ хæстон æнтыстдзинæдты тыххæй йын полкъ æмæ дивизийы разамынд ракодтой бирæ зæрдæлхæнæн арфæтæ. Æфсады рæстдзæвинты æмбырды райста зынаргъ лæвар — сыгъзæрин номон портсигар. Йæ хорз хæстон æнтыстыты тыххæй райста кæстæр лейтенанты цин æмæ ссис взводы командыгæнæг.

Сæлбийы-фырт кæм хæцыд, уыцы бынат немыцаг уацайрæгтæ хуыдтой "хæйрæджджын ахстон". Сæлбиты Владимиры номыл бæстæйы дард фæсчъылдымæй æрвыст цыд алыхуызон зынаргъ læвæрттæ. Сæлбийы-фырты танкты ныхмæ æхсæнгæрзты взвод 1942 азы 22 ноябрæй 1943 азы 6 январмæ сраæмыгъта знаджы 3 танчы.

> **"Куы фæцæф, уый фæстæ йын "ССР Цæдисы зындгонд рæстдзæвин — Сæлбиты Владимирæн", зæгъгæ, ахæм фыст цы хæцæнгарзыл уыд, уый радтой æндæр хæстонмæ. Фæстæдæр уыцы хæцæнгарз læвæрд æрцыд Хъæбатыр-горæт Сталинграды музеймæ. Владимир Мединскийы чиныг "Война, Герои и подвиги"-йы бакæсæн ис ахæм рæнхъытæ: "...Михал Сурков: амардта 702 фашисты, Сæлбиты Владимир: 601, Иван Сидиренко: 500-мæ хæстæг..." Куыд уынæм, афтæмæй не 'мзæххон Сæлбиты Владимир хуыздæр рæстдзæвинты 'хсæн ис дыккаг кадджын бынаты.**

1943 азы 18 февралы 117-æм æхсджыты полчъы командыгæнæг майор Григорий Тронза Сæлбийы-фырты гæхххæттытæ балæвæрдта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном райсынмæ. Фæлæ 1943 азы 31 мартъийы 21-æм æфсады командыгæнæг, гвардийы инæлар-лейтенант Иван Чистяковы бардзырдмæ гæсгæ уымæн læвæрд æрцыд Сырх Тырысайы орден.

Сталинград хъахъхъæныны тохты фæстæ Сæлбиты Владимир архайдта Хуссар-Ныгуылæн, Украинаг 1-аг æмæ 2-аг фронтты. Украинæ сæрибар кæнгæйæ тох кодта æрмæст немыцаг фашистты ныхмæ нæ, фæлæ ма украинаг националистты ныхмæ дæр. 1944 азы Львовы бынмæ фæцис уæззау цæф æмæ йæ суанг 1945 азы сæрдмæ дзæбæх кодтой госпитæлы.

Куы фæцæф, уый фæстæ йын "ССР Цæдисы зындгонд рæстдзæвин — Сæлбиты Владимирæн", зæгъгæ, ахæм фыст цы хæцæнгарзыл уыд, уый радтой æндæр хæстонмæ. Фæстæдæр уыцы хæцæнгарз læвæрд æрцыд Хъæбатыр-горæт Сталинграды музеймæ. Владимир Мединскийы чиныг "Война, Герои и подвиги"-йы бакæсæн ис ахæм рæнхъытæ: "...Михал Сурков: амардта 702 фашисты, Сæлбиты Владимир: 601, Иван Сидиренко: 500 - мæ хæстæг..." Куыд уынæм, афтæмæй не 'мзæххон Сæлбиты Владимир хуыздæр рæстдзæвинты 'хсæн ис дыккаг кадджын бынаты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ 1945 азы июны Сæлбиты Владимир сыздæхт Ирыстонмæ.

1990 азы Уæлахизы 45 азы агъоммæ ССР Цæдисы хъахъхъæнынады министр Дмитрий Язов фембæлд сарæзта ССР Цæдисы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæн. Уым Цæгат Ирыстонæй уыд Сæлбиты Владимир. Дмитрий Язов афтæ бахæлар не 'мзæххонимæ, æмæ йæм хъазгæйæ дзырдта "кавказаг хæххон цæргæс", зæгъгæ.

Сталинград хъахъхъæнæг тохты хъæбатыр йæ цардæй ахицæн 1996 азы.

ХЪАРДАНТЫ Тимур, историк, Уæрæсейы æфсæддон-историон æхсæнады уæнг

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Фыдыбæстæмæ уарзондзинад

Алы адæмыхаттæн дæр йæ фыдыуæзæг зынаргъ у. Адæймаг кæмфæнды куы уа, уæддæр æй йæ зæрдæ хæссы йæ фыдыуæзæгмæ.

Газеты арæх бакæсын фыстæджытæ, бакæсын телеуынынадмæ, не 'мзæххонтæ æндæр рæтты куыд цæрынц, уымæ.

Сæ цард цæуы хорз, ницæмæй тыхсынц, фæлæ уæддæр нæ рох кæнынц ирон æвзаг, æгъдæуттæ, традицитæ.

Уымæн æмæ адæймаг кæм райгуыра, йæ сабийы, йæ æрыгон бонтæ кæм арвита, уыдон, кæмфæнды уæвгæйæ дæр йæ рæсугъд фынты уындзæн. Райгуырæн зæхх зынаргъ у алкæмæндæр, нæ рæсугъд урс цъитисæр хæхтæ, нæ диссаджы кæмттæ — Дыгургом, Уæлладжыр, Хъобангом, Куырттаты ком...

Уымæн нæм тырнынц туристтæ, азæй-азмæ сæ нымæц фылдæр кæны. Стыр дисы сæ бафтауынц нæ æрдзы рæсугъддзинад афæдзы алы афон дæр, ирон адæмы фæлмæндзинад æмæ уазæгыл аудындзинад, йæ цæхх-къæбæр никуы бамбæхсдзæн ирон læг. Уыдон сты, нæ рагфыдæлтæй нын цы баззад, уыцы хуыздæр миниуджытæ, уымæй хъуыстгонд стæм Уæрæсейы алы кæрæтты, стæй фæсарæйнаг паддзахæдты дæр. Уый махæн у стыр сæрыстырдзинад.

Бынтон хъуыстгонд та Ирыстон уыдзæн, туристон-фæлладуадзæн комплекс "Мамысон" куы сцæттæ уа, уæд.

Уырны мæ, нæ Ирыстонмæ, нæ уарзон фыдыуæзæгмæ кæсы хорзырдæм стыр ивддзинæдтæ. Уый алы ирыстойнагæн дæр уыдзæн æхсызгон.

Цæй уæдæ, зæрдæйæ уарзæм нæ Райгуырæн бæстæ, хъахъхъæнæм ын йæ фарн, йæ намыс.

Кæронбæттæны мæ фæнды поэт Дзанайты Иваны ныхæстæ æрхæссын:

Фыдыуæзæг, зынаргъ мын у дæ дур дæр.
Дæ хъарм узæлдæй никуы уыдтæн цух.
Æнæ дæу царды ницы дæн æз мур дæр.
Фæхæрын ард дæ сау зæххæй æдзух.

Фарн уæ алкæй къонайы дæр.

ТУЛОЙТЫ-КОКОЙТЫ Фатимæ, фæллойы ветеран, Алагир

Санитарон уавæр æмæ зæххы фарста

(Райдайæн 1 фарсыл)

Санитарон уавæры тыххæй Сергей Меняйло æмбырды архайджытæн фехъусын кодта, алы сабат æмæ хуыцаубоны дæр республикæйыл кæй зилдзæн æмæ ахæм цаутæ кæм фена, уырдæм кæй æмбырд кæндзæн районты æмæ коммуналон хæдзарæдты разамонджыты.

Ахсджиаг фарстайыл нымад уыдис Æрыдоны районы 3-æм астæууккаг скъолайы техникон æдасдзинады уавæр дæр. Бæрæг куыд у, афтæмæй скъолайы абоны онг нæй зынгсирвæзты ныхмæ мадзæлттæ æмæ ахæм уавæры ахуырадон объектæн кусæн нæй. Сергей Меняйло бафæдзæхста районы разамындæн къуыримæ ацы фарста алыг кæнын æмæ дзуаппон доклад иннæ æмбырдмæ бацæттæ кæнын.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** та радзырдта, скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты санитарон-эпидемиологон уавæры фæдыл æмæ загъта, хæцгæ низтæй рынчын сывæллæтты нымæц бирæ къаддæр кæй фæци, уый. Министр ма радзырдта, ацы аз 20 июлæй августмæ нæ республикæйы ацæуудзæн, Æвзонг туристты æппæтуæрæсеон слет дæр. Цæгат Ирыстонмæ нæ бæстæйы алы регионтæй æрцæуудзæн 500 скъоладзауæй фылдæр. Зындгонд куыд у, афтæмæй мадзал арæзт цæуы, Уæрæсейы рæзгæ фæлтæр туризмы фæрцы цæмæй хуыздæр зонгæ кæной иннæ регионтимæ, зоной бынæттон адæмы культурæ æмæ традицитæ.

Сергей Меняйло Ахуырад æмæ наукæйы министрæн бахæс кодта, ацы аз астæууккаг скъола каст чи фæуыдзæн, уыцы рауагъдонтæн сæ равзæрст дæсныйады ахуыргæнæндæттæм бацæуынæн бæрæг бæлвырд предметтæй хи хуыздæр бацæттæ кæнынæн сæрмагонд центртæ саразын.

— Сбæрæг кæнут, кæцы скъолаты бындурыл уыдзысты уыцы центртæ, æмæ саразут æппæт фадæттæ дæр рауагъдонтæн уыцы центрты læвар сæхи цæттæ кæнынæн. Уымæй уæлдай, министрадæн хæс кæнын, Курчатовы номыл институтимæ иумæ нæ республикæйы форум саразыны хъуыддаг дæр, — фæнысан кодта нæ республикæйы Сæргъæууæг.

РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан** дзуаппон доклад скодта нæ республикæйы медицинон куыстуæтты оперативон куысты фæдыл.

— Стационарты хæцгæ низтæй рынчын сывæллæттæ ис 55 адæймаджы, ас адæмæй та — 34. Фадынæджы ныхмæ мадзæлттæн вакцинæ райстам, диспансеризаци дæр ацыдысты республикæйы цæрджыты 11 проценты, национ проектты бындурыл та байгом кодтам Ногиры амбулатори, — дзырдта министр.

Æмбырды Сергей Меняйло фæнысан кодта транспорты фарста дæр. Куыд радзырдта, афтæмæй транспорты реформæйы нысантæ сты, маршрутон автобустæ æмæ шофырты нымæц фæкъаддæр кæнын нæ, фæлæ транспорты læггæдтæ фæхуыздæр кæнын.

Нæ республикæйы Сæргъæууæг фæбæрæг кодта зæхххы фарста дæр.

— Цæгат Ирыстоны кæмтты æмæ хъæдты зæхххы гæппæл нал баззад. Иуыылдæр уæйгонд æмæ уæрст æрцыдысты. Ацы уавæрмæ нæ биноныг æргом аздахын хъæуы. Сбæлвырд кæнын, куыд æмæ цавæр гæхххæттытæ бындурыл æрцыд зæхх уæрст, уыцы хъуыддагыл бацархайын æмæ прокуратурæмæ хъасты гæхххæттытæ бадæттын. Куы бахъæуа, уæд та уголовон хъуыддæгтæ саразын, — загъта нæ республикæйы разамонæг.

САУТÆТЫ Тамилæ

Юбилей

Ныфсы мæсыг æмæ æууæнчы гæнах

Адæймаг, ахуыргонд, удгоймаг!.. Ахæм хæрзæгъдауджын уды фæндагыл йæ бон ацæуын бавæййы, зонад, цард æмæ хъысмæты фæлварæнтæ чи радты, æрмæстдæр уыдонæн. Фæлæ ма уыцы удварны хицау йæ цард мадæлон æвзагимæ куы бабæтты, уæд ма сæм ноджыдæр бафты иу бæрнон хæс — удуæлдай куыст мады ныхас, мады зæхх, мады бæстæйы сæрвæлтау. Ахæм, хуыцауæй арфæгонд, læджы размæ, æнæмæнгæй, сыстынц æппæтадæмон хæзнаты домæнтæ. Æнусты тыгъдады чи бахсыст, уыдоны æмвæзадыл цæуын та алкæйы къухы нæ бафты, уымæн æмæ уый тыххæй хъуамæ дæ цард æгасæй дæр æрхæссай нывондæн мадæлон æвзагæн. Æрмæстдæр ахæм сæрнывонды фæстæ ссарæн ис фæндаг адæмы зæрдæмæ, дзыллæйы бæллицтæм æмæ историон хъуыдæгмæ. Мады ныхас, мады зæхх æмæ мады бæстæйæн сыгъдæг зæрдæйæ чи фæлæггад кодта, уыдонæй иу уыд ГУЫРИАТЫ Тамерлан.

Гуыриаты Алыксандры фырт Тамерлан ирзонынады номдзыд иртасæг æмæ ирон æвзагзонынад, ономастикæ, адæмон сфæлдыстад, этимологи, лексикологийы къабæзты зонадон иртæстыты амидингæнæг, филологон наукæты доктор, профессор, цалдæр дунеон академийы æцæг уæнг (академик), Уæрæсейы Федерацийы зонады сгуыхт архайæг, Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл Гуманитарон иртæстыты институты æвзаджы хайады сæргълæууæг, Гуырдзыстоны наукæты академийы Арнольд Чикобавæйы номыл дунеон премийы лауреат, газет "Рæстдзинады" Гæдиаты Цомахъы номыл премийы лауреат, Национ преми "Нарты фæткъуы"-йы лауреат йе 'цæг дунемæ бацыд цалдæр азы размæ. Фæлæ йæ фарн баззадис йæ иузæрдион бæстæйæн. Фæлтæрдджын ахуыргонд барджынæй бацахста ирзонынады зынгæдæр бынæттæй иу. Куыд нæхи бæстæйы, афтæ йæ фæсарæнты дæр базыдтой, энциклопедион зоныдзинæдтæ кæмæ ис æмæ æххæст зонадон дунеæмбарынады хицау чи у, ахæм ахуыргондæй.

Нæ номдзыд æмзæххон райгуырд 1929 азы Тъæнджы мæйы 3 бон Цæгат Ирыстоны Мæздæджы районы Ног-Джиорджийы хъæуы. Ам, йæ райгуырæн хъæуы, фыццаг хатт бакъахдзæф кодта бынæттон астæуккаг скъолайы къæсæрæй, æмæ уæдæй фæстæмæ ахуырад æмæ зонынад систы йæ царды сæйраг нысæнттæ. 1939 азы йæ ныййарджытæ сæ дарддæры цæрæн бынатæн равзæрстой Дзæуджыхъæу. Уымæ гæсгæ, Тамерлан йæ ахуыр адарддæр кодта Ирыстоны сæйраг сахары 10 астæуккаг скъолайы. 1945 азы ссис ЦИПИ-йы фæсарæйнаг æвзæгты факультеты англисаг хайады студент. Æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис 1949 азы. Гуырийы-фырт канд иттæг хорз нæ ахуыр кодта, фæлæ зæрдæргъæвдæй архайдта студентты зонадон-иртасæн куыстыты мидæг. Сæ цæст ыл æрæвæрдтой йæ ахуыргæнджытæ æмæ йын 4 курсы йæ хъус здахын райдыдтой педагогон куыстмæ. Йæхи арæхстджынæй кæй равдыста, уымæ гæсгæ йæ ахуыры фæстæ кусынмæ райстой англисаг кафдрæйы ахуыргæнæгæй. Æрыгон курдиатджын læппуйыл сæ цæст æрæвæрдтой канд Къостайы номыл пединституты разамонджытæ нæ, фæлæ ма фæскомцæдисон организаци дæр. Æмæ йæ 1949 азы Кæфты мæйы равзæрстой ФÆЛКЦ-йы Дзæуджыхъæуы горкомы нымæрдарæй.

Æрмæст ын фæскомцæдисон куыст йæ зæрдæ нæ балхæдта, æмæ фæстæмæ раздæхт ахуыргæнæджы дæсныйадмæ. Дыууæ азы фæстæ ссис Мæскуыйы Ломоносовы номыл паддзахадон университеты Иумæйаг æмæ абарстон æвзагзонынады кафедрæйы аспирант. 1955 азы райдиан бахъахъхъæдта кандидатон диссертаци æмæ фæстæмæ кусынмæ æрыздæхт йæ альма-матермæ. Йæ мадæлон факультеты йын тагъд рæстæгмæ рахатыдтой канд йæ зонадон æнтыстдзинæдтæ нæ, фæлæ йæ разамонæджы курдиат дæр. Æмæ йæ цалдæр мæйы фæстæ равзæрстой фæсарæйнаг æвзæгты факультеты деканæй. Зæрдæргъæвдæй дзы бакуыста цалдæр азы (1955-1958). Уыцы иу рæстæг Тамерлан æнтыстджынæй архайдта зонадон куысты мидæг. Цыбыр рæстæгмæ йæ ном айхъуыст æвзæгты æхсæн бастдзинæдты арæхстджын иртасæгæй. Йæ кандидатон диссертаци æмæ цалдæр зонадон уацы æвзæрст æрцыдысты ирон лексикæйыл уырыссаг æвзаджы æндæвдады фарстытæ. Йæ фыццаг монографийы **("Уырыссаг æвзаджы æндæвдад ирон лексикæйы рæзтыл"-ы)** дæр ныхас цыдис уыдоны фæдыл. Ацы зонадон-иртасæн куыстыты мидæг ирон ахуыргонд бакаст æмæ равдыста арæхстджын иртасæджы курдиат: равзæрста оригиналон тæлмацгонд литературæ, уымæй уæлдай ма сахуыр кодта ирон фыссынады зонадон периодикæ йæ равзæрдæй фæстæмæ.

Сæрмагондæй бацамонын хъæуы, Гуыриаты Тамерлан ирон æвзагыл уырыссаг лексикæйы æндæвдад бындуронæй кæй раиртæста, уый. Ома, иу æвзаджы дзырдуаты къæбицы фæрцы иннæ, æндæрæвзагон, дзырдтæ æмæ раззæгъæнтæ исыны фæрцы фразеологон æмиуæдты иумæйаг уагæвæрдтæ куыд хъæздыгдæр кæнынц, уыцы бæлвырд хъуыды. Æртынæртæаздзыд ахуыргондæн уый уыдис стыр зонадон æнтыст. Ирон æвзаджы зындгонд профессор Агънаты Æхсар бацамынд иртасæн куысты хуымæтæджы не схуыдта **"ног æвæрæн уырыссаг æмæ ирон æвзæгты æмахастдзинæдты"** райхалинаг фарстытæ алыг кæныны хъуыддаджы мидæг. Уый фæрцы арæхстджын ахуыргондæн йæ куысты бынат фæуæлдæр ис, æвæрд æрцыдис ЦИПИ-йы проректорæй зонадон-иртасæн куысты фæдыл (1958-1959), уый фæстæ та — иугонд историон-филологон факультеты деканæй (1959-1962). Уыцы бæрнон фæлтæрддзинад ын фадат радта уæлдæр скъолайы мидæг æппæтцæдисон æмæ дунеон æмвæзадмæ схизынмæ. 1961 азы Тамерлан ссис ССР Цæдисы минæвар ЮНЕСКО-йы дунеон семинары Швецийы бæстæйы, уый фæстæ та куыста ЮНЕСКО-йы ахуырады Департаменты минæварæй Монголийы.

Йæ фыццаг дипломатон балцыты фæстæ ногæй кусынмæ æрбаздæхт Ирыстонмæ æмæ иуæндæс азы дæргъы разамынд læвæрдта англисаг æвзаджы кафедрæйæн (1964-1975). Уыцы иу рæстæг 1972-1975 азты уыдис фæсарæйнаг æвзæгты факультеты декан. Разамындон куысты уæлдай ма дыууæ азы уыдис ССР Цæдисы наукæты академийы Скæсæйнаг институты докторант. Дарддæр æй йæ хъысмæт æрбаппæрста филологон факультетмæ: ам авд азы дæргъы разамынд læвæрдта ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады кафедрæйæн. 1982 азы хуынд æрцыд ЦИНИИ-йы æвзаджы хайады сæргълæууæгæй æмæ йæ зæххон царды фæстаг бонты онг фыдæбон кодта уыцы бæрнон бынаты. Ам дæр уæрæх зонадон æхсæнад профессор Гуыриаты Тамерланы базыдта ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады курдиатджын историк æмæ теоретикæй. Бирæ азты дæргъы дзы зындгонд ахуыргонд læууыд, зонадон ирзонынады цы вазыгджын иртасæн куыстытæ цыдис, уыдоны сæргъы. Уырнинаг дæнцæгæн æрхæссын æмбæлы иу-цалдæр зонадон-иртасæн æмбырдгонды: **"Ирон филологи", "Ирон æвзагзонынады лыгæнинаг фарстытæ", "Ирон Ныхасы культурæ æмæ стилистикæ".** Ранымад фарстытæй алкæй тыххæй дæр Гуыриаты Тамерланмæ уыдис йæхи, зонадон æгъдауæй фидар хъуыды. Уыцы фарстыты фæдыл чи фæкуыста, уыдон дæр-иу æрбацыдысты номдзыд ахуыргондмæ, цæмæй сын иртасынады ног фæзилæнтæ бацамона, уый тыххæй. Æмæ кæд тынг æнæвдæлон уыдис, уæлдайдæр та фæстаг азты, уæддæр-иу дзы алкæмæн дæр ссардта рæстæг баххуыс кæнынмæ.

Гуыриаты Тамерланмæ уыдис цалдæр оригиналон зонадон куысты ирон æвзаджы грамматикæйы фæдыл. Уыдонæй, фыццаджыдæр, бацамонын хъæуы **"Ирон æвзаджы грамматикæ"** дыууæ чиныгæй. Уыцы бындурон академион рауагъдæн номдзыд ахуыргонд ныффыста цалдæр сæргонды: **"Æвастхъæр", "Дзырды æмиуад куыд синтаксисы предмет, афтæ", "Дзырды æмиуад мивдисæгимæ сæйраг нысаны"**. Номдзыд иртасæджы зонадон фæллæйттæ мыхуыры рухс куы федтой, уæдæй нырмæ рацыдис цалдæр дæсазоны, фæлæ уæддæр сæ иумæйаг ахадындзинад нæма фæдæлдæр. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ Тамерлан абон дæр нымад у ирон æвзаджы грамматикæйы хуыздæр иртасджытæй иуыл. Национ грамматикæйы уыцы хайы тыххæй йæм ис йæхи сæрмагонд цæстæнгас, арф хъуыды æмæ вазыгджын зонадон хатдзæгтæ. Æппынвæстаг, йæ цымыдис ирон грамматикæмæ баст уыдис вазыгджын нысанимæ: индоевропæйаг æвзæгты фæрцы нырыккон ирон ныхасы истори базонын. Æмткæй, грамматикæиртасæг Гуыриаты Тамерлан хаудта, йæ зонадон иртасынæдты мидæг æвзаджы иумæйаг теорийæ мадæлон æвзагзонынадмæ аргъæнæг цæстæй чи касти, уыцы ахуыргæндты цыбыр къордмæ.

Гуыриаты Тамерланы зонадон агурæнты стыр бынат ахстой **ономастикæйы фарстытæ.** Зындгонд куыд у, афтæмæй Æвзагзонынады уыцы къабаз ахуыр кæны сæрмагонд нæмтты равзæрд, фæлæ уæды онг фаг иртæстгонд нæма уыдис. Курдиатджын ахуыргонд бирæ хъару æмæ тых бахардз кодта, цæмæй уыцы фарстон уавæр йæ бынатæй фенкъуыса, уымæн. Æмæ канд йæхæдæг нæ, фæлæ ма уыцы куысты хайад райсынмæ сразæнгард кодта йе 'мкусджытæй бирæты дæр. Уыимæ, цæмæй йæ бирæвæрсыг архайд бæстон-бæлвырд уагæвæрдыл ацæуа, уый тыххæй сарæзта дыууæ Æппæтцæдисон зонадон-практикон конференцийы: **"Кавказы ономастикæ"** æмæ **"Ирайнаг ономастикæ"**. Бацамынд фарстон уавæры йæ бынатæй фенкъуысын кæныны хъуыддагæн стыр ахъаз фесты конференциты æрмæджыты иумæйаг æмбырдгонд **"Кавказы ономастикæ"** æмæ йæ цалдæр хицæн зонадон куысты **("Ирон нарты кадджыты ономастикæйы фарстытæ", "Эпосы ономастикæйы ахуыр кæныны методикæ"** æмæ æндæртæ) мыхуыры рухс кæй федтой, уый. Уымæй уæлдай ма ныффыста бирæ рецензитæ, разныхæстæ æмæ фиппаинæгтæ уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг зонадон куысты фæдыл. Ацы иртасынæдты мидæг ирдæй разындис, ахуыргонд æвзаджыræзты мидæууæлтæ арф кæй сахуыр кодта, уый.

Гуыриаты Тамерлан стыр æвæрæн бахаста этимологиимæ баст фарстытæ иртасынмæ дæр. Йæ рæстæджы ирон нарты эпосы равзæрды тыххæй, Абайты Васойы хъуыдыйы фарс рахæцгæйæ, номдзыд ахуыргонд æрхъуыды кодта ног теории алайнаг хъайтарон эпосы тыхкæй. Уый фæрцы æмбæрстгонд æрцыдысты Нартиадæйы циклты равзæрд. Æмæ йæхи равдыста сæрмагонд нæмтты æмæ рагон ныхæсты этимологион иртасынады дæсныйæ. Уыцы æппæт зонадон агурæнтæ ахуыргондæн систы йæ докторон диссертацийы бындурыл уагъд монографийы зынгæ хай. Чиныджы фыццаг рецензент, профессор Агънаты Æхсар æй хуымæтæджы нæ банымадта **"Аланистикæ иртасынады стыр зонадон æнтыстыл".**

Йæ царды фæстаг дæсазонты ахуыргонд зынгæ хъусдард аздæхта **лексикографион куыстмæ**. Æмæ дзырдуæттæ аразыны теории æмæ практикæ ссис йæ сæйраг зонадон нысæнттæй иу. Зындгонд куыд у, афтæмæй дзырдуæттæ аразын у æвзагзонынады зындæр хæйттæй иу. Фæлæ уæддæр Гуыриаты Тамерланы къухы бафтыд национ лексикографийы хуыздæр традицитæ адарддæр кæнын. Ирон ахуыргонд йæ рæстæджы ссис **"Уырыссаг æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуаты"** автортæй иу. Уымæй уæлдай ма ноджыдæр сарæзта цалдæр дзырдуатон чиныджы: **"Цыбыр уырыссаг-ирон дзырдуат", "Цыбыр ирон-уырыссаг æмæ уырыссаг-ирон дзырдуат", "Чи у чи алайнаг Нартиадæйы", "Ирон-уырыссаг дзырдуатæн"** та у йæ редактор æмæ йæ автортæй иу. 1989 азы Исаты Мæхæмæт æмæ Гæбæраты Никъалаимæ иумæ ныффыстой æмæ мыхуыры рауагътой **"Ныррыккон ирон æвзаджы лексикологи".** Бацамынд куыст ногæй сахсджиаг кодта национ æвзагзонынады уыцы къабазмæ ирон æвзагиртасджыты цымыдис. Ис ма йæм ноджыдæр цалдæр зонадон куысты лексикологийы вазыгджын фарстыты фæдыл.

Гуыриаты Тамерланы бирæвæрсыг зонадон сфæлдыстады (æдæппæтæй йæм ис 280 куыстæй фылдæр) уырнинагæй æвдыст æрцыд номдзыд ахуыргонды уæрæх миддуне æмæ арф дунеæмбарынад. Хицæн ныхасы аккаг дзы у, бирæ рагон (ирайнаг æмæ санскрит) æмæ нырыккон (англисаг) æвзæгтæ хорз кæй зыдта, уый. Æндæр адæмты æвзæгтæ кæй сахуыр кодта, уый йын фадат læвæрдта уæрæх зонадон литературæйæ (зæронд æмæ ног, национ æмæ кавказаг, фыдыбæстон æмæ фæсарæйнаг) пайда кæнынæн. Йемæ-иу чи дзырдта, уый-иу уайтагъддæр банкъардта, ирзонынады патриархимæ кæй ныхас кæны, уый. Ноджы иу йемæ хæстæгдæр куы базонгæ ис, уæд та ма иу йæхицæн сбæрæг кодта иу вазыгджын хъуыддаг: номдзыд ахуыргонд бæлвырд зоны зонадон нысаны уавæр, иртасынады цыд æмæ хъуыдыйы рæзт. Æмæ йын уый фадат læвæрдта рæстæгон æмæ æнусон фæзындтæ хицæн кæнын ирзонынады æмæ, æмткæй, æвзагзонынады мидæг. Цæстуарзонæй сæ амыдта йæ ахуыргæнинæгтæн дæр, цæмæй æвзагиртасыны тыгъдады вазыгджын æмæ хуымæтæг фарстытæ сæ бон иртасын уыдаид, уый тыххæй. Фæлæ æппæты вазыгджындæр уыдысты йæ бындурон зонындзинæдтæ. Уæрæх æмæ алывæрсыг зонадон цымыдистæ Тамерланы нæ хъыгдæрдтой хуымæтæг, цæстуарзон æмæ фенддæджын адæймаг уæвынæн. Уыцы адæймагон æууæлтæ йын фадат læвæрдтой адæмыл æууæндын æмæ æрыгон ахуыргæндты раст фæндагыл æвæрынмæ.

Иумæйагæй Алыксандры фырты зонадон бынтыл куы афæлгæсæм, уæд адæймаджы стыр цымыдис æрцахсы: цымæ йæ ахуыргонды тыхтæ æгæр нæ байтыгъта? Фæлæ ацы фарстон уавæры æз разы дæн, йæ цард æмæ йын йæ зонадон архайд чи раиртæста, уыдонимæ. Алы ахуыргонды дæр зонадон фæзынд æмæ быцæу ныхасмæ хоны цымыдисы къахвæндаг, сфæлдыстадон хæстæгдзинад æмæ æмзæлад. Кæддæр ацы уавæр йе 'мкусджытæ схуыдтой **"æнæаразгæ фæлмæнзæрдæйы уаг"**. Æмæ йын уыцы æнкъарæн сбæлвырд кодта йæ удгоймаджы хуыздæр æууæлтæ. Æцæг æм уый фаг на фæкаст æмæ ма йæ царды фæстаг азты ноджыдæр уадзын райдыдта литературон-аивадон журнал **"Хæххон дымгæ"** (Уæрæсейы профессионалон литераторты цæдисы цæгатирыстойнаг хайады мыхуыры оргæн — Х.Б.). Ахуыргонды йæ ног сфæлдыстадон цымыдис хорзæрдæм сагъæсы бафтыдта, йæ зонадон куыстытимæ хорз зонгæ чи уыд, суанг уыдоны дæр.

Гуыриаты Тамерланы зонадон-иртасæн куыстыты тыххæй чи фæдзуры, уыдон ма, уыцы иу рæстæг, хъарм ныхæстæ фæзæгъынц йæ адæймагон æууæлты фæдыл дæр. Æнæмæнг-иу уыцы миниуджыты фæрцы ссардта иумæйаг æвзаг куыд ахуыргæндты æрыгон фæлтæримæ, афтæ, йæ рæстæджы роуаты чи аззад, ахæм карджын иртасджытимæ дæр. Æмæ-иу дзы алкæмæн дæр ссардта зæрдæлæууæн, ныфсæвæрæн æмæ æууæнчы ныхас. Мæ зæрдæйыл арæх æрлæууынц филологон наукæты кандидат, ЦИПУ-йы уырыссаг литературæйы кафедрæйы доцент Габсаты Светланæйы мысинæгтæ, Тамерлан ын йæ фыццаг зонадон куыст цæстуарзонæй куыд ныммыхуыр кодта, уый тыххæй. Уыл дзурæг сты, зонадон редактор, разныхасы автор кæнæ чиныгаразæг кæмæн уыд, уыцы æмбырдгæндтæ дæр: **"Ирон нарты эпосы ономастикæйы фарстытæ", "Æлборты Барысби æмæ кавказзонынад", "Кавказы ономастикæ"** æмæ æндæртæ. Цал æмæ цал æрыгон ахуыргондæн ныммыхуыр кодта сæ фыццаг зонадон уацмыстæ, цал æмæ цал аспиранты сæвæрдта раст фæндагыл.

Нæ номдзыд ахуыргонды сфæлдыстадон бынты тыххæй фæлгъаугæйæ, æнæ зæгъгæ нæй йæ зонадон æмæ аивадон куыстыты æвзаджы тыххæй. Йæ арфхъуыдыджын рæнхъæвæрд ма-иу рæсугъд, тæлæсон, хуымæтæг æмæ сурæтджын æвзаджы фæлгæты кæй бакодта, уый сын læвæрдта уæлдай ахадындзинад æмæ æнгасджын цæсгом. Йæ сæрибар, ирд æмæ уырнинаг ныхасыуаг ма-иу æххæст хъуыды куы æрцахста, уæд-иу йæ хъуыдыйад йæ хуыз скалдта. Уыцы ирд, удгоймагон дзырдбæстытæ йæ фæллæйттæн læвæрдтой æнæфæлхатгæнгæ уагæвæрд. Куыд йæ фысгæ-зонадон, афтæ йæ дзургæ-амонæн ныхасыхъæд дæр йæ мидисмæ гæсгæ уыдис æцæг филолоджы дзырдыуаджы дæнцæг. Тамерлан йæ мадæлон æвзаг канд бирæ нæ уарзта, фæлæ ма дзы аив æмæ арæхстджынæй дæр пайда кодта. Кæй зæгъын æй хъæуы, нарты кадджыты æвзаг дæр ын йæ авналæнтæ уæрæх байгом кодта. Уымæ гæсгæ йын йе сныхас, йæ уацты æвзагæй фаг æхцонад æмæ æнцонад куы райсæм, уæд нæм афтæ фæкæсы, цыма дзырд йæхæдæг рацæуы ахуыргонды агурæнты размæ æмæ йæм мидбылты бахуды: **"Мæнæ дæн, цы мæ кæныс, уый дæ бар у!"** Æмæ та-иу дзы, æнæмæнгæй, ссардта ног ахорæнтæ, ног фæзилæнтæ, ног абарстытæ...

Зонадон сфæлдыстады психологи чи иртасы, уыцы ахуыргæндтæм гæсгæ, билингвистæн (дыууæ кæнæ фылдæр æвзæгтыл чи фыссы æмæ дзуры, уыдон) ис сæрмагонд æмбарынад æмæ хъуыдыкæнынад. Æмæ уый, æцæгæйдæр, афтæ у: æрыгонæй фæстæмæ иу æвзагæй иннæмæ æнцонæй кæй ахизынц, уый сын æххуыс кæны царды цаутæ уæрæхдæр уынынмæ. Номдзыд ахуыргонд, прозаик, критик, публицист æмæ тæлмацгæнæг Гуыриаты Тамерланы зонадон сфæлдыстад уымæн у ирд æвдисæн. Райгуырд Мæздæджы районы, ирон бинонты æхсæн, фæлæ схъомыл дыууæвзагон уавæры (фæстæдæр ма сæм бафтыдта англисаг æмæ æндæр æвзæгтæ). Йе `взагон арæхстдзинад ма уый мидæг уыдис, æмæ раздæр цæуыл фыста, уый-иу иуварс авæрдта, цасдæр рæстæджы фæстæ-иу æм сæрæйкъæхтæм ногæй æркасти, æмæ æрмæстдæр уый фæстæ сæвæрдта кæронбæттæн хъуыдыйы стъæлф! Ахæм фæрсудзæнты мидæг-иу цы зонадон кæнæ аивадон куыст бахсысти, уый та-иу зæрдæхсайгæ нал уыдис.

Уæвгæ, ахæм иртасынады уагæй хъуамæ хицæн кæна алы æцæг ахуыргонды æрмдзæф дæр. Фыдыбæстæ æмæ зонадмæ уарзт хъуамæ цыфæнды фæлварæнты сæрты дæр ахизын фæраза. Хæрзæгъдауджын цардарæзты мидæг Гуыриаты Тамерланы хуызæн удгоймаг алы хатт дæр АХУЫРГОНДÆЙ ФЫЛДÆР ВÆЙЙЫ. XX æнус йæ ныхмæвæрдтæ, революцитæ, хæстытæ æмæ æнæраст хъуыддæгтимæ йæ бирæвæрсыг сфæлдыстадыл афтæ тынг фæзындис, æмæ уымæ гæсгæ ахуыр кæнæн ис ирзонынады истори. Фæлтæрдджын иртасæг алы хатт дæр æвзаринаг æрмæгæн агуыдта ног хуызтæ æмæ фæрæзтæ. Йæ зонадон агурæнты мидæг хæст уыдис реалистон зондахастыл. Тырныдта зонадон æмæ аивадон текстты æндæрхуызон равæрдмæ, æмæ æппæты цымыдисагдæр цы уыдис — архайдта сфæлдыстады астæумагъз æндæр хуызы фенынмæ. Уый та дзурæг уыдис ууыл, æмæ Тамерлан стыр дæсныйадимæ, алыхуызон мадзæлтты фæрцы хъæздыгдæр кодта зонадон æмæ аивадон æрмæг. Ахуыргонд фыста æмæ фæлдыста æртæвзагон (ирон-уырыссаг-англисаг) уавæры, сахуыр кодта ирзонынады алы фæзилæнтæ дæр, агуыдта дзуæппытæ ирон филологийы риссагдæр фарстытæн. Фæлæ, фыццаджыдæр, уыдис ирон адæймаг æмæ ирон ахуыргонд, кæд æй бирæтæ дунейы гражданин хуыдтой (æвæццæгæн, ЮНЕСКО-йы кæй куыста, уымæ гæсгæ), уæддæр.

Иу хатт æй мæ цуры иу журналист куы бакъуыммæ кодта, адæмы уагæвæрдæн цавæр æууæлтæм гæсгæ аргъ кæныс, зæгъгæ, уæд ын Гуырийы-фырт радта ахæм дзуапп: **"Куыстуарзон, рухсхæссæг æмæ хæрзæгъдауджын..."**. Уыцы миниуджытæ ахуыргонд йæ мады æхсыримæ кæй рахаста, уымæ гæсгæ йын тынг æххуыс кодтой царды дæр æмæ зонады дæр. Æппæтадæмон хæзнаты фæрцы йæм æрцыд æппæтадæмон бузныгад дæр. XXI æнусы фыццаг дæсазоны Тамерланы уыцы æнкъарæнты тыххæй ныффыстой цалдæр ахадгæ зонадон чиныджы мидæг. Зынгæ энциклопеди **"Дунейы раззагдæр æвзагиртасджытæ"** (йæ автор æмæ чиныгаразæг — номдзыд лингвист А.П. Юдакин) Гуыриаты Тамерланы банымадта зæххыкъорийы номдзыддæр æвзаджы дæснытæй иуыл. Æмæ не 'мзæххоны тыххæй ныммыхуыр кодта стыр уац. Ахæм бæрзонд аргъ ын скодтой энциклопеди **"Уæрæсейы хуыздæр адæмты"** автортæ дæр. Уым **"Уæрæсейы культурæйы намысы"** рубрикæйы бынмæ ирон ахуыргонды тыххæй læвæрд æрцыд бæстон æмæ бæлвырд æрмæг.

Фæлæ ам бацамонын хъæуы, Тамерлан нæмттæ æмæ хорзæхтæм сабыр зæрдæуагимæ кæй каст, уый. Ирыстоны, стæй æгас бæстæйы дæр уæрæх хъуыстгонд уыдис, æппæты егъаудæр хæзнайыл ахуыр-дзау фæсивæд æмæ дзыллæйы бузныгад кæй нымадта, уыцы хабар. Мæнмæ гæсгæ, уый тыххæй æппæты растдæр ныффыста поэт, редактор æмæ публицист Боситы Ирбег йæ номарæн æмдзæвгæйы: **"Æппæт адæмты мадæлтæ дæ схастой. Цытджын дæ ды, нæ адæмон профессор..."** Адæмон профессор... Æвæццæгæн, номдзыд ахуыргонды цард æмæ сфæлдыстадæн хуыздæр бæрæггæнæн зын ссарæн у.

Гуыриаты Тамерланы зонадон сфæлдыстад зæххыкъорийы ахуыргæндтæм удæгас цымыдис кæй æвзæрын кодта, ууыл дзурæг уыдысты, АИШ, Англис, Франц, Инди, Бразили, Аргентинæ, Швеци, Финлянди, Монголи, Азербайджан, Гуырдзыстон, Сомих, Таджикистан, Узбекистан æмæ æндæр бæстæтæй цы бузныджы фыстæджытæ иста, уыдон. Номдзыд ахуыргонд йæ амæлæты размæ ахæм фыстæг райста англисаг антрополог Говар Ридæй. Уый Тамерланæн стыр арфæтæ ракодта, йæ куыстытыл ын цы рецензи ныффыста, уый фæдыл. Филологон зонадмæ стыр æвæрæн кæй бахаста, уый тыххæй йын, 1998 азы Гуырдзыстоны наукæты академийы Президиумы уынаффæмæ гæсгæ, læвæрд æрцыд Арнольд Чикобавæйы номыл дунеон преми. Уæрæсе æмæ фæсарæнты ахуыргæндтæ та йæ банымадтой абарстон æвзагзонынад æмæ иранистикæйы номдзыддæр ахуыргæндтæй иуыл. Æмæ уымæн бамбарæн ис: Гуыриаты Тамерлан дæсгай азты дæргъы зæрдæргъæвдæй архайдта фыдыбæстон æмæ Дунеон конференциты, иу æмæ дыууæ хатты йæхимæ не 'рыхъусын кодта ахуыргæндты йæ арфхъуыдыджын раныхæстæй æмæ дардмæуынæг хатдзæгтæй. Уæдæ разамынд цы зонадон конференцитæн læвæрдта, уыдон дæр-иу базмæлын кодтой филологон зонады хъуыды куыд нæхи бæстæйы, афтæ фæсарæнты дæр.

Гуыриаты Тамерланы ахадгæ бавæрæн æвзагзонынад, иранистикæ æмæ ирзонынадмæ æрмæст йæхи куыстытæй нæ фæцис: ирон филологийы фыццаг къахдзæфтæ чи кодта, уыдонæн нæ номдзыд ахуыргонд уыдис **ныфсы мæсыг æмæ æууæнчы гæнахы** хуызæн. Куырыхон адæймаг æмæ курдиатджын ахуыргонд уæвгæйæ, уый кæддæриддæр цæттæ уыдис баххуыс кæнынмæ хъуыдыйæ, ныхасæй, хъуыддагæй. Куыд царды, афтæ зонады дæр уыдис хæдбындур, романтикон æмæ цæстуарзон уды хицау. Йæ удгоймагон архайд ын дунемæ фарн æмæ фæлдзусад (гармони) хæссынæй уæлдай нæ уыдис.

ХОЗИТЫ Барис,
Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг



Тамерлан ХЪАНЫХЪУАТЫ Зæлæнæимæ



Концерт

”Хæст. Уæлахиз. Номарæн”

Афганистанæй советон æфсæдты рацыдыл, 35 азы кæй æххæст кæны, уый кадæн арæзт хъахъхъæнынадон-дзыллон куысты мæйоны фæткмæræсгæ, Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон æххуысы штаб æмæ паддзахадон фонд ”Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ”-йы регионалон хайад баххæст кодтой концертон-рухстауæн программæ.

Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг арæнхъахъхъæнæг управленийы музыкалон къорд ”Арæн” равдыста мидисджын концерт. Музыкалон номырты ‘хсæн амынд управленийы минæвæрттæ концерт фенынмæ ’рбацæуæг Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы æвзонг æфсæддонты активисттæн Фыдыбæстæйы хъæбатырты тыххæй хабæрттæ радзырдтой.

Æхсæнадон æххуысы штабы дарддæр кусы цæугæ историон-этнографион музейы равдыст ”Хæст. Уæлахиз. Номарæн”.

Ир Информ

Алагиры районæй

Скъоладзауты æдасдзинадæн

Фæндагон-транспортон бæллæхтæй Дзуарыхъæуы скъолайы фыццагкъласонты бахизынæн æрæджы Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады автоинспектортæ æмæ амынд скъолайы 8-æм къласы ахуырдзаутæ сын баххæст кодтой акции ”Фистæг бæлццоныл банымад”.

Фембæлды райдианы хистæркъласонтæ кæстæртæн радзырдтой рухсныса-ны фæзынды тыххæй хабæрттæ, пъæлицæйы кусджытæ та фыццагкъласонты базонгæ кодтой рухсныс-анимæ æмæ æнæ рухсныс-анæй фæндаджы сæрты бацыды фæткимæ. Фæндагыл цæугæйæ, фистæг бæлццон кæуыл сæмбæлы, барадхъахъхъæнджытæ сывæллæтты базонгæ кодтой уыцы тæссагдзинæдтимæ. Алыхуызон фæндагон уаварты æдасдæр фæндаг равзарын куыд æмбæлы, автоинспектортæ фæсивæдæн уыдæттæ бамбарын кодтой. Уымæй уæлдай, суткæйы талынг афон уæлæдарæсыл рухс фæстæмæздахæг хæйттæй пайда кæнын кæй æмбæлы, фæндаджы сæрты цæуыныræстæг та хъусæнгæрзтæй (ома "наушник")-тæй пайда кæнын тæссаг кæй у, ахуырдзаутæн уыдæтты тыххæй дæр радзырдтой.

Фембæлдыræстæг скъоладзаутæн равдыстой тематикон мультипликацион киноныв-тæ. Акцийы архайæг фыццагкъласонтæн радтойræсугъд ныв-тимæ газет "Добрая дорога детства"-йы экземпляртæ. Фембæлды кæрон пъæлицæйы кусджытæ, ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæ ахуыргæнæндонæй хæстæгдæр тигъ æмæ фæндаджы сæрты бацæуæнтæм æдас маршрутыл ацыдысты.

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Мидхъуыддæгты министрады Алагиры районы хайады инспектор

Цæстæнгас

Дунейæн — сабырдзинад!

Арæх афтæ рауайы, æмæ, зондджын хъуыды зæгъынмæ æппын кæмæ не ’нхъæлмæ кæсай, уыцы адæймаджы дзыхæй дæр диссаджы куырыхон ныхæстæ схауы. Иухатт ахæм зондджын хъуыдыйæ дисы бафтыдта, Советон Цæдисы зындгонд чи уыдис, ахæм артист æмæ зарæггæнæг Вахтанг Кикабидзе. Цæдис куы фехæлд æмæ, бирæ бæллæхтæ чи ’рхаста, уыцы хæстон ныхмæлæудтытæ куы райдыдтой, уæд Кикабидзе загъта: ”Нæ зæронд адæм-иу цавæрфæнды фынджыбадты дæр фыццаг сидт сабырдзинады тыххæй кæй загътой, ууыл-иу дис кодтон. Сагъæсы-иу бацыдтæн — сабырдзинады тыххæй цæмæ? Æндæр ræсугъд куывдтытæ нæй? Æмæ мæнæ ныр, нæ сабырдзинад куы фехæлд, уæд æй бамбæрстон, хистæртæ раст кæй уыдысты”.

Ныр дæр, Уæрæсейæн æндæр гæнæн куы нал уыд, Ныгуылæнимæ гæрзифтонг ныхмæлæуды куы бацыд, æмæ, уый фæстиуæгæн сабырдзинадæн йæ кой куы нал ис, уæд та нæм сæвзæрдысты уыцы сагъæстæ. Бамбæрстам, царды фыццаг рахæцæн сабырдзинад кæй у. Ныр нæм бахъардта, Советон Цæдисы алкæм дæр "Дунейæн — сабырдзинад!", зæгъгæ, ахæм фыстимæ плакаттæ цæмæ уыдис, уый. Уæд-иу сæм мæсты кодтам. Адæм-иу дзырдтой: "Цас æмбæлы? Кæдæм нæ акæсай — алкæм дæр уыцы лозунг". Уыцы темæйыл ма анекдоттæ дæр фæзынд.

Фæлæ ныр сбæрæг, сабырдзинадыл дзæгъæлы афтæ бирæ дзырд кæй нæ цыд. Сбæрæг ма уый дæр, алцæмæй вазыгджындæр кæй у. Уымæн æмæ алцыдæр уыдзæн, сабырдзинад куы уа, уæд.

Уæвгæ ма хæсты заман дæр адæймагдзинадæн бынат вæййы, кæд уый адæймагдзинадыл банымайæн вæййы, уæд. Александр Суворов, фидарыл æрхъула кæнгæйæ, йæ мидæг чи уыд, уыдонæн фехъусын кодта: "24 сахаты — сæрибар. Уыцы æмгъуыды фæстæ — ахстуат. Ныббырсты фæстæ — мæлæт. Уацайрæгтæ нæ исæм". Ома, суткæйы мидæг йæхи чи радта, уымæн, кæдæм æй фæнды, уырдæм ацæуыны бар уыдис. Суткæйы фæстæ-иу йæхи чи радта, уыйиу уацары райстой, мард-иу не ’рцыд. Ныббырсты фæстæ-иу æгас никæйуал ныууагътой. Æнкъараг зæрдæйы ахаст кæмæн ис, уыдон зæгъдзысты, уый æгъатырдзинад у, зæгъгæ, фæлæ ныббырстæй фидар райсын куыд хъæуы, уый нæ зонынц.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман-иу арæх æфсæддонты гыццыл къорд нывондæн æрхæссын бахъуыд, цæмæй-иу стырдæр къорд аирвæзтаид. Ротæ-иу фæстæмæ куы цыд, уæд-иу иу взвод ныууагътой сæйраг тыхтæ фæауыон кæныны тыххæй. Уыцы взвомайынц, "мæнг ныхас фервæзын кæныны охыл" фæхъæуы, ныхас сабырдзинадыл куы цæуа, уæд. Æрхæссынц дæнцæгтæ Библийæ. Адæмы ’хсæн сабырдзинад тынг вазыгджын у! Уый тыххæй, дам, Хуыцау дæр разы у ræстдзинад суæлдай кæныныл. Талмуд нын уый æмбарын кæны Уæвынады Чиныджы эпизоды бындурыл, дæдæй-иу удæгасæй ничиуал баззад. Чи зоны, уый бынтон раст хъуыддаг нæ уыд. Фæлæ хæсты ræстæг æндæр гæнæн нæ вæййы. Æнæрадон уаварæ куы сæвзæры, уæд пъæлицæ æмæ салдæттæн æнæ прокуроры бардзырдæй алкæмæ дæр баджигул кæнын сæ бон у, уымæн æмæ граждæнты конституцион бартæ ræстæгмæ урæд æрцæуынц. Уый никæй зæрдæмæ цæуы, фæлæ æнæмæнг хъæугæ хъуыддаг у конституцион уагæвæрд нæ фехалыны тыххæй. Афтæ — комендантон сахат дæр.

Фæлæ сабыр ræстæджы дæр алкæддæр ræстдзинад зæгъын нæ фæхъæуы, зæгъæм, уыцы ræстдзинады тыххæй сабырдзинад куы хæла, уæд. Библи иртасджытæ, раввинтæ афтæ нывæртæ зæды 99 æмæ, 90 азы кæуыл цæуы, уыцы Авраам æмæ Сарæмæ куы ’рбацæуынц æмæ патриархæн куы фехъусын кæнынц, афæдзы фæстæ йæ усæн сывæллон кæй райгуырдзæн. Сарæ гыццыл дæрддзæф лæууыд æмæ йæ мидбылты бахудт: "Куы базæронд дæн, уæд ме ’взонгдзинад ралæудзæн? Стæй мæ сæрыхицау дæр зæронд у". Иннæ ран Хуыцау фæрсы Авраамы: "Сарæ цæуыл худти, афтæ куы загъта: "Æз ма куыд ныййардзынæн. Куы базæронд дæн, уæд?" Хуыцау, мæ мой æгæр зæронд у, зæгъгæ, Сарæйы уыцы дзырдтæм йæ хъус не ’рдардта, уымæн æмæ тарсти, Авраам йæ усмæ куы смæсты уа, уымæй. Æппæт уыдæттæй раввинтæ хатдзæг скодтой, адæймаджы æнкъарæнтыл дзырд куы цæуа, уæд ræстдзинады иу хай бамбæхсын дæр кæй æмбæлы.

Ныртæккæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы ræстæг, ссарын æмбæлы бирæ дæнцæгтæ æнæраст æмæ æнæсæрфат хъуыддæгтæн фронт æмæ фæсфронты дæр. Хъыгагæн, ахæм хъуыддæгтæй фæивгъуыйæн нæй, уыдон алкæддæр вæййынц. Афганистаны-иу нæ læппутæ, хъæбатырдзинад æмæ æхсардзинад æвдисгæйæ, фæмард сты паддзахады интересты сæрвæлтау. Афтæ — Цæцæны дæр. Чернобылы адæм сæ зæрдæйы дзæбæхæн фыдбæллæхы фæстиуджытæ нæ иуварс кодтой, фæлæ афтæ домдтой уавæртæ. Алкæддæр, алы фæлтæрæн дæр уыдис, ис æмæ уыдзæн йæхи "Куликово поле". Æмæ алкæддæр адæм фыдæвзарæнæн ныббыхсынц æмæ дзы сæрбæрзондæй рацæуынц.

Юрий ПЕТРОСОВ,
æхсæнадон уацхæссæг

”

Ныр дæр, Уæрæсейæн æндæр гæнæн куы нал уыд, Ныгуылæнимæ гæрзифтонг ныхмæлæуды куы бацыд, æмæ, уый фæстиуæгæн сабырдзинадæн йæ кой куы нал ис, уæд та нæм сæвзæрдысты уыцы сагъæстæ. Бамбæрстам, царды фыццаг рахæцæн сабырдзинад кæй у. Ныр нæм бахъардта, Советон Цæдисы алкæм дæр ”Дунейæн — сабырдзинад!”, зæгъгæ, ахæм фыстимæ плакаттæ цæмæ уыдис, уый. Уæд-иу сæм мæсты кодтам. Адæм-иу дзырдтой: ”Цас æмбæлы? Кæдæм нæ акæсай — алкæм дæр уыцы лозунг”. Уыцы темæйыл ма анекдоттæ дæр фæзынд.

“

Æрдзы диссæгтæ

Арт цæмæн ахуыссы донæй?

Сойын цырагъ доны куы ауадзай, уæд уый ахуысдзæн. Цæмæн? Уымæн æмæ, сойын цырагъ цæмæй судза, уый тыххæй йын хъæуы уæлдæф. Дон хуыссын кæны арт, уымæн æмæ уый уæлдæфы нæ уадзы судзгæ предметмæ бацæуын.

Нæ ныхас куы фæбæлвырддæр кæнæм, уæд, артыл андзæвгæйæ, дон тагъд ратæвд вæййы, тæф кæнын райдайы, æмæ уый бирæ тæвд бацъиры судзгæ предметæй. Дарддæр та доны тæф туагуыр нал фæуадзы судзгæ æрмæгмæ, æрæхгæны йæ доны мигъæй. Уымæ гæсгæ диссаг куыд нæу, фæлæ тæвд дон арт тагъддæр хуыссын кæны уазалæй. Уымæн æмæ уымæй доны тæф тагъддæр рауайы, уазалы та ма уæлæмхасæн фæхъæуы стæвд кæнын дæр. Стæй ма дон цæмæй тæф кæнын райдайа, уый тыххæй йæ бахъæуы фондз хатты фылдæр хъару нол градусæй сæдæ градусы онг фыцыны температурæмæ схæццæ кæныны тыххæй.

Уæдæ ис арт æндæр мадзалæй ахуыссын кæнæн дæр, æмæ уый та у хъæццулæй йæ æрæхгæнын кæнæ та йыл змис бакалын. Ацы мадзалы хъуыды дæр у арт донæй хуыссын кæныны хуызæн: хъæццул кæнæ змис уæлдæфы нæ фæуадзынц артмæ бацæуын, æмæ арт дæр ахуыссы.

Дун-дуне — нæ алыварс

Цы у Мæй?

Мæй — планетæ, Зæххы æмбæлццон. Уый зилы Зæххы къорийы алфамбылай, стæй ма йæхи рады зилы Хуры алыварс дæр.

Зæххы алфамбылай Мæй æххæст зылд æркæны 27 боны æмæ аст сахатмæ. Уыцы ræстæг уый зилы йæ сæмæны алыварс. Фæлæ 1959 азы Мæймæ уагъд æрцыд советон тæхæн аппарат. Уый систа Мæйы иннæ фарсы хуыз. Уæды онг та йын мах ницы зыдтам.

Мæй у мард æрвон буар. Уым нæй атмосферæ æмæ дон дæр. Уымæ гæсгæ дзы цардæн уæвæн

нæй. Мæйы рухс та у Хуры рухсы иуырдæм лæмæгъ здæхт. Уымæ гæсгæ нæм афтæ фæкæсы, цыма Мæй йæ фæлгонц мæймæ бирæ хæттыты аивы.

Махæй æмбæхст Мæйы фарсы Хур куы фæрухс кæны, уæд æй мах æппындæр нæ уынæм. Мæй у чысыл планетæ: диаметрæй уый Зæххæй у цыппар хатты къаддæр.

1969 азы 20 июлæй 21 июлы æхсæвы американ астронавттæ Армстронг æмæ Олдрин æрбадтысты Мæйыл. Ацы атахт æмæ автоматон науты уый фæстæ иртасæнты æхххуысæй ист æрцыд Мæйы хуыр, æмæ къухы бафтыд бирæ ногдзинæдтæ базонын не ’мбæлццоны тыххæй.

(“Ræстдзинад”-ы архивæй

Арфæтæ

Тедеты Агуыбейы фырт Батрадзæн

15 февралы нæ зынаргъ, нæ уарзон, мыггаджы буц хистæр, нæ зондамонæг æмæ лæггадгæнæг Тедеты Батрадзæн у йæ райгуырæн бон. Уый фæдыл ын мах зæрдиаг арфæтæ кæнæм, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ йæ кæстæрты ræсугъддзинад. Хорз хистæрæй кæддæриддæр бинонтæ, хиуæттæ, къабæзтæ, æгас мыггаг вæййы сæрыстыр,ы æмæ мах, Тедеты фæдонтæ, кæддæриддæр, кæмфæнды дæр нæ кадджын хистæрæй стæм сæрбæрзонд. Адæмæн уарзон, нымад лæг Батрадзы арæх бацагурынц бæрнон хъуыддæгты.

Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд, цæмæй ма дын дæ сæдæ азы юбилейы дæр арфæ ракæнæм æмæ бацин кæнæм кæрæдзиуыл!
Уастырджийы фæдзæхст у!

Нæ буц хистæр

Фыдæй фыртмæ нын баззайы ræсугъд хæс
Нæ хистæрты æгъдауы фæтк хæссын.
Сæ царды бонтæ дард æмæ рæвдыдæй
Зæрдæрухсæй сæ кæстæртæй уыной.

Ис Тедетæн ræсугъд хистæртæ, зонут
Æгъдау æмæ æнусон фарн дæттынц.
Сæ кады ном та кæстæртæн — цырагъдар
Хъæддых бæласау уидæгтæ дæтты.

Нæ буц хистæр Батрадзæн абон арфæ
Зæрдæбынæй йæ бинонтæ кæнынц.
Сæдæ азмæ дæ уды хъармæй ’рвылбон
Хъæздыг кæнæд дæ зæрдæйы къæбиц.

Ацы арфæтæ дын мыггаджы номæй, кæстæртæ

Гуыбаты-Цуциты Ахполаты чызг Ритæйæн йæ юбилейы фæдыл

Ацы бонты йæ юбилей бæрæг кæны нæ иузæрдион æмбал, не’мкурсон Гуыбаты-Цуциты Ритæ. 1976 азы Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологийы факультеты ирон-уырыссаг хайад каст куы фæци, уæдæй абоны онг йæ фæллойадон фæндаг баст у Беслæны 1-æм скъолаимæ. 48 азы æнæзæрдæхудт фæллой кæны ахуырады, йæ зонындзинæдтæ тауы æнæвгъауæй, йæ зæрдæйы хæссы рухсдзинад æмæ ræстдзинад. Ахуырадмæ стыр бавæрæн кæй хæссы, уымæ гæсгæ Ритæ ссис Уæрæсейы иумæйаг ахуырады кадджын кусæг, лæвæрд ын æрцыд Ирон федераци Ирон æвзаджы комплекс "А — Тест"-ы сгуыхты риуылдаргæ нысанæй хорзæхы бæлвырдгæнæн, у фæллойы ветеран.

Ритæйæн кæд йæ цардæмбал æгас нал у, уæддæр нæ бауагъта бинонты фарн фæцудын. Схъомыл кодта хæрзæгъдау цот, æмæ уыдон дæр сæ ныййарджыты хорз миниуджытæй фæхайджын сты — цыппарæй дæр царды ссардтой раст фæндаг æмæ йыл ныфсджын къахдзæфтæ кæнынц.

Нæ уарзон, нæ фæлмæнтæ дзураг æмбал! Дæ юбилейон аз дын балæвар кæнæд фидар æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ дæ кæстæрты ræсугъддзинад!

Ацы арфæтæ дын кæнынц
ЦИПУ-йы филологон факультеты ирон-уырыссаг хайады 1976 азы рауагъдонтæ

ТЪЕХТЫ Валентин

Иры хъæбул

Иры булæмæрг — Бекъойты Вано,
Цæй-ма, сисæм ын йæ зарæг бæрзонд.
Иры ирд хъæбул — адæмæн уарзон!
Диссаг — йæ бакаст, æмбисонд — йæ зонд.

Йæ сыгъдæг хъæлæс зæлы дунетыл,
Йемæ ныззарынц мæргътæ хъæрæй.

Зармæ ахизы заргæ тъунелыл,
Æмæ йын уым дæр æркувынц сæрæй.

Тъехты тугæй йæм фæхæццæ арвæй,
Æмæ йæ уарзынц дзыллæтæ рагæй.
Йæ зæрдæ хъарм у фыдæлты артæй,
Кадджын у Иры, ирон у уагæй!

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет ”Ræстдзинад“

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Ремонт стиральных машин на дому у заказчика (с гарантией). Тел.: 8-919-421-80-09; 8-961-820-92-02.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ РЦИ-Аланийы Хицауад хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Тебиаты Каринæйæн,

ТЕБИАТЫ
Георгийы фырт Георги

кæй амард, уый фæдыл.

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Йзæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Ræстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Ræстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв-тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Ræстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3066.
Заказ № 148.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru